



NATIONS UNIES
DROITS DE L'HOMME
HAUT-COMMISSARIAT

**Rapò sou sitiyasyon dwa moun nan peyi Dayiti
Rezime ak Rekòmandasyon
1 jiyè 2014 – 30 jen 2015**



Mwa Fevrye 2016

Rezime

1. Nan rapò sa a, Seksyon Dwa Moun MINUSTAH ak Wo Komisarya Dwa Moun (SDH), prezante epi analize eleman ki pi enpòtan yo sou sitiyasyon dwa moun nan peyi Dayiti, soti jiyè 2014 rive jen 2015. Rapò sa a vini apre yon lòt rapò ki te fèt soti janvyè pour rive jen 2014, ki te pibliye nan mwa desanm 2014.¹
2. Pami devlopman ki pi enpòtan pandan lane a nou ka di se pwomilgasyon ak piblikasyon dekrè elektoral 2 mas 2015 la ki fèt pa Prezidan Repiblik la, aprè sa te vini genyen piblikasyon kalandriye elektoral la ki planifye premye tou eleksyon pou Palman an. Peyi Dayiti vini fè pati pwotokòl fakiltatif sou konvansyon dwa timoun ki gen rapò ak vann timoun, prostitisyon timoun epi pònografik ki mete imaj timoun. Komite dwa moun nan Nasyonzini te chache kompran Rapò inisyial Ayiti ki pale sou sa ki fèt pou aplike Pak entènasyonal sou dwa sivil ak politik yo. Sete okazyon pou yo te remèt wityèm ak nevyèm rapò peryodik sou aplikasyon konvansyon ki pale de mwayen pou kaba tout diskriminasyon kap fèt sou fanm. Leta Ayisyen te kontinye kolaborasyon ak pwosedi espesyal yo jan yo tabli pa biwo konsèy dwa moun : li te resevwa 2 fwa Ekspè Endepandan sou sitiasyon dwa moun nan peyi Dayiti epi yon visit rapòtè espesyal sou moun ki deplase nan peyi yo.
3. Prizon yo vinn gen plis moun pandan peryòd sa, sa ki agrave yon sitiasyon ki te deja konplike anpil, sa nou ka konsidere tankou tretman sovaj e imilyan ki pa fet pou moun.² Sistèm jistis la ki ap mal mache ak anpil arestasyon gwoponyet se kèk bagay ki lakoz sitiasyon sa a kap vini pi grav chak jou depi lane 2004. Jouk kounye a jefò otorite yo pa sifi pou rezoud pwoblèm nan. Kote ki disponib pou prizon yo nan tout prizon ki nan peyi a 8 fwa pi piti ke sa li ta dwe ye, epi plas mwayen ki disponib pou chak grenn prizon se 0,55 mètr kare. Enfòmasyon sa yo valab pou 17 prizon ki sou kont DAP e chif sa yo pa konsidere moun kap tann jijman e moun ki kondane ke yo kenbe nan komisarya yo.
4. SDH te swiv anpil dosye kote ta sanble yo akize moun ki nan Leta yo ki itilize lafòs andeyò lalwa ki lakoz lanmò nan plizyè ka malgre lalwa di nan ki sikonstans ra fòs lòd yo ka itilize lafòs takou zam yo. Komite dwa moun gen gwo tèt chaje paske gen anpil moun ki mouri ke fòs lòd yo touye. Pandan peryòd la gen anpil lòt zak tou kote yo akize moun ki nan Leta yo ki itilize lafòs andeyò lalwa menm lè se pa avèk zam tankou maspinay oubyen arestasyon abitè. Komite dwa moun ak SDH panse malgre anpil jefò Enspeksyon jeneral lapolis la fè nan kominikasyon ak transparans, biwo sa pa bay anpil mwayen pou yo ta mennen bon jan ankèt sou zak asasinay ke ajan PNH yo fè.
5. Lajistis trennen anpil nan dosye ki gen akizasyon krim politik ki fèt nan tan pase tankou nan dosye Duvalier, Aristide oubyen dosye assasinay sou jounalis Jean Léopold Dominique, sa montre feblès oubyen ministè piblik ki manke volonte pou mennen ankèt epi sa ankouraje enpinite. Komite dwa moun nan gen gwo kè kase pou fason pwosè kont Mesye Duvalier ap trennen epi li mande Leta pou li kontinye ankèt la epi mennen devan lajistis tout moun ki responsab vyolasyon grav epi bay viktim yo bon jan reparasyon.

¹ MINUSTAH et HCDH, *Rapport semestriel sur la situation des droits de l'homme en Haïti, janvier-juin 2014* : <http://bit.ly/1N8dM8p>.

² *Idem*, § 32.

6. SDH resevwa plent epi li travay sou anpil ka vyolans ak diskriminasyon yo fè sou moun ki pi fèb nan popilasyon an tankou fanm, timoun, moun ki massisi, madivin, jounalis yo ak defansè dwa moun yo. SDH ap poze tèt li kesyon sou bon mwayen ak volonte otorite yo genyen pou trete dosye yo jan lalwa prevwa sa.
7. Gen yon sitiasyon tèt chaje ki pase sou fwontyè Ayiti ak Repiblik Dominiken kote plizyè milye moun ki gen zantray yo nan peyi Dayiti oubyen leta dominiken di se Ayisyen yo ye, otorite dominiken yo voye tounen nan peyi Dayiti oubyen yo tounen poukont yo. Sitiyasyon sa rive apre yon desizyon Lakou Konstitisyonèl Dominiken te pran. Timoun ki fèt nan peyi Repiblik Dominiken ki gen paran ki pa gen bon papye yo pap ba yo nasyonalite dominiken. Apre desizyon sa, yo retire nasyonalite dominiken 210 000 moun ki gen zantray yo nan Peyi Dayiti. Daprè gouvènman dominiken, 524 000 etranje kap viv Repiblik Dominiken pa gen bon papye epi anpil nan yo se ayisyen. Anpil kè kase sou kapasite Ayiti pou li reponn ak bezwen imanité moun sa yo lè yo tounen nan peyi a. Pwoblèm enstitisyonèl yo oblije moun sa yo viv nan move kondisyon. Apre pwoblèm ki genyen sou fwontyè Repiblik Dominiken, SDH gen gwo kè kase lè lap gade feblès peyi Dayiti pou rive ede moun ki depòte yo ki soti nan peyi Bahamas, Etats Unis ak Iles Turques et Caïques, bagay sa a rive plis ayisyen akoz ke lòt peyi nan rejyon an gen yon politik bout di nan zafè imigrasyon.
8. Rapò sa a te voye bay gouvènman avan li pibliye pou yo te ka di mo pa yo.

Rekòmandasyon

9. Lè nap gade anpil pwoblèm pou fè respekte dwa moun ki di nan rapò sa a, menm jan ak anpil lòt rapò tankou Biwo Entènasyonal ak rejyonal yo ak Ekspè Nasyon Zini, SDH rekòmande :
 - a. Pou Leta Ayisyen mande sipò Wo Komisarya Dwa Moun ak MINUSTAH, Nasyon Zini, Kominote Entènasyonal la ak lòt òganizasyon dwa moun yo pou ka fè respekte rekòmandasyon ke yo te fè li yo tankou biwo Konsèy Dwa moun, biwo ki okipe Trete yo, Ekspè Endepandan sou sitiasyon dwa moun nan peyi Dayiti ak lòt biwo yo ;
 - b. Pou Leta mande sipò pwosedi espesyal yo jan yo tabli pa biwo konsèy dwa moun tankou Gwoup ki travay sou zafè detansyon abitè, Rapòtè espesyal sou tretman sovaj e imilyan ki pa fet pou moun ak Rapòtèz Espesyal ki okipe de zafè endepandans jij, avoka, nan jefò lap fè pou lite pou gen mwens moun nan prizon epi pou moun pa rete anpil nan prizon san yo pa jije ;
 - c. Pou Leta Ayisyen fè plan pou li vini manb Konvansyon kont maspinay ak move tretman menm jan ak Pwotokòl fakiltatif ki mete sou pye sistèm pou voye je gade nan prizon yo ak komisarya yo, yon fason pou yo ampeche yo fè maspinay ak move tretman sou prizonnye ak moun ki pèdi libète yo ;
 - d. Pou Leta Ayisyen mande sipò rapòtè espesyal sou promosyon la verite, lajistis, reparasyon ak garanti pou sa pa fèt ankò pou yo ka travay sou bon jan mezi ke lajistis epi lòt biwo yo ap gen pou pran yon fason pou yo ka travay sou gwo vyolasyon dwa moun ki te fèt nan tan lontan tankou sa ki te fèt yo sou prezidans Mesye Duvalier.